



REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek

1 taon f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canistius” Djokja.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1. —
Langkoengipoen, saban 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
teping rembag roemijin kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



ISINIPOEN:

Pétangan djiwa ing Indonésiah béndjing taon 1930—Saged oegi dados gendra — Panggoela-wentahipoen bangsa wanita — Pangreksanipoen wanita—Nétra moelat—Kekirangan Imam, kinarja tepa paloepe—Saratit lan Togog — Panggoela wentah — Rak makaten ta—Ontjen sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE

PÉTANGAN DJIWA ING INDONÉSIAH, BÉNDJING TAOEN 1930.

(Sosorahipoen professor J. van Gelderen)

Kala woelan kapengker prof. J. van Gelderen sosorah bab „Pétangan-djiwa Indonésiah” wonten kantor statistik ing Betawi. Serat² kabar sami ngewrat sesorah wae. Soerapisipoen kénging karingkes makaten: 1. *Goenaniipoen*. Wontening Volkstelling mila migoenani. Margi pétangan-djiwa, kita badé soemerep sapinten tjtahjing djiwa ing ngriki ingkang leres; soemerep kawontenaning satoenggaling - toenggaling golongan; kadosta: soemerep sapinten tjtahjipoen laré èstri lan laré djaler, ing satoenggaling papan; soemerep: sapinten katabipoen tjtahjing ingkang anggotatatanén, soedagaran, lss. Kadjawi poenika oegi soemerep sapinten tjtahjipoen bangsa kita ingkang sami késah bebara dateng sanès negari. lss.

Njoemerepi kawontenan makaten poenika boten namoeng migoenani toemrap oemoem. Oegi mikantoeki toemrap Nagari ingkang ngoepados ichtjtah badé ngadjengaken tanah lan bangsa Indonésiah. Oepami: kanggé perloening kasarasan ing satoenggaling panggéan, Paréntah kedah inggih pirsapapinten tjtahjipoen tjtahjing ingkang manggèn ing ngrikoe; preloenipoen sageda leres anggénipoen njoedjani djampidjampi, poenggawa-poenggawa lss. Kanggé preloening onderwijs, Nagari inggih kedah ngoeningani sapinten djiwanipoen-papan ngrikoe; preloenipoen sageda nemtokaken kalajan leres anggénipoen badé maringi sakolahan.

Margi wontening volkstelling, Paréntah oetawi (tjtahj katah) saged pirsapapinten katabipoen kawoela ingkang saged maos, njerat.

Tjektak, pétangan-djiwa pantjen migoenani. Paréntah kagoengan kawadajiban manggali behating kawoela babagan lahir lan batos. Mila manawi boten pirsapastoe sapinten tjtahjing kawoela ingkang kedah kapenggalih, lan kados-poendi kawontenanipoen, Paréntah saéstoé boten saged netepi wadjabipoen ingkang kalajan sampoerna.

2. *Boten namoeng Indonésiah kémawon ingkang wonten volkstelling*. Volkstelling toemindak wonten nagari-nagari saindenging djagad. Kala tn. 1927, Toerki inggih ngawontenaken pétangan-djiwa: Toemindakipoen keras, mawi ginantoengan paoekoeman, kadosta: salebetipoen volkstelling, tetijang boten kénging késah-késah. Ing daloe ingkang telas-telasan salebetipoen volkstelling, sadaja toempakan, boten kénging mlampah; sadaja tetinggalan kedah kendel. Preloenipoen inggih soepados leres pamétangipoen. Mesti kémawon margi wontening volkstelling wae, kawoela Toerki katab ingkang nandang pitoena. Éwadéné boten wonten ingkang nglahiraken boten narimahing manah. Awit, kedjawi adjrnh kalijan Kemal Pasha, tetijang ngrikoe sami mangertos genging pigoenanipoen pétangan-djiwa (— Malah pétangan-djiwa makaten poenika, boten namoeng toemindak wonten djaman samangké kémawon. Para maos koela atoeri ngéngeti wekdal (ndoengkap) mijos Dalem Hyang Paneboes. — A.S.D.)

3. *Paréntah Indonésiah, boten keras*. Paréntah Indonésiah inggih tjtahjing ngwontenaken pétangan-djiwa, béndjing taon 1930. Nanging, Paréntah ngriki boten ngagem kekerasan kados Toerki. Dipoenangkah sageda toemindak kalajan saé, willoedjing, mad - sinamadan. Margi makaten wae, kantor volkstelling ngoepados rékadaja sageda toedjoe lan preloenipoen volkstelling dipoenmanger-tosi kawoela langkoeng - langkoeng kawoela Priboemi. Kantor volkstelling ngawontenaken propogandah bab poenika sarana sosorah-sosorah, seseratan ing dalem serat kabar, lss. Sedyaning propogandah wae, soepados kawoela sasampoena mangretos, ladjeng poeroen ambijantoe. Déné woedjoeding pembijantoe, warni-warni, kadosta: poeroen mangsoeli pitakèn-pitakèn ingkang béndjing tjtahjing katakèkaken; poeroen kaangkakat dados toekang métang (teller) lss. Professor J. van Gelderen nerangaken kanti tjeta, volkstelling wae boten ateges: Nagari badé damel karibedaning kawoela; boten nedyia mewahi sasanggèn énggal; boten nedyia ngwontenaken pakarjan goegoer goenoeng, lss.

4. *Kados-poendi tjtahjing toemindakipoen??* a. Tanggal 22 September 1930, wiwit toemapaking *perioedetelling*: i. p. sadaja tjtahjing ingkang wonten Indonésiah tjtahjing katjaget nama-namanipoen, (mawi katrangan- katrangan) wonten ing serat pratélan (tellijs) déning para djoeroe métang. Kanggé preloening perioedetelling, grija-grija tjtahjing dipoenomeri; doesoen-doesoen kagolong-golong, sagolong-golongnipoen isi djiwa kinten-kinten 1200. Salebetipoen 14 dinten para *perioedeteller* kedah sampoén rampoeng anggénipoen métang bagéjanipoen pijambak-pijambak. Saben perioedeteller, angsal bagéjan njerat tjtahjing 1200. b. Ing gangsal welas dintenipoen, sasampoénipoen perioedetelling rampoeng, pratélan-pratélan ingkang isi namaning tetijang, ladjeng kedah katjotjogaken kalijan wontening tjtahjing ing dinten wae. Notjogaken makaten poenika dipoenwastani *momenttelling*. Momenttelling wae, toemindakipoen ing sa-Indonésiah kedah sareng, i. p. wiwit djam 5 sonten doemoegi djam 12 daloe. Lan ingkang nindakaken dédè djoe-roe métang kala perioedetelling; tjtahjing sanès, ingkang kanamakaken *momentteller*. Saben momentteller satoenggaling anggadahi bagéjan notjogaken djiwa 300 (dados boten 1200 kados perioedeteller). Tjtahjing djiwa damelanipoen perioedeteller dipoen-tjotjogaken déning momentteller kalijan grija² ingkang sampoén wonten nomeripoen wae. Manawi, poenapa inkang kaseboet ing tjtahjing, taksih tjtahjing kalijan wontening djiwa ing salebeting grija ngrikoe, inggih sampoén. Manawi éwah, (wonten ingkang pindah oetawi dateng énggal) tellijs inggih ladjeng kaéwahan.

Mawi lampah makaten wae, Nagari kagoengan pangadjeng-adjeng saged pirsapapinten djiwanipoen Indonésiah ingkang leres; tegesipoen tjtahjing kalijan katabing djiwa nalika wekdal momenttelling.

5. *Volkstellingskantoor*. Kanggé preloening pétangan-djiwa, ing Betawi wonten kantor kanamakaken Volkstellingskantoor. Kantor wae sampoén ngwontenaken djadjalan wonten papan sawatawis, kanggé nanda tjara ingkang tjtahjing katindakaken taon 1930 poenika, saé poenapa boten.

Kantor wae awrat sanget pandamelanipoen. Kedah ngawontenaken lijs - lijs, poenapadéné boekoe-boekoe minangka panoentoenipoen para ingkang gadah sasanggèn babagan volkstelling. Boekoe wae, kaserat mawi basa toewin aksara warni-warni, ngewrat kados-poendi kawadjabipoen teller lss.

Lijs - lijs damelanipoen kantor Volkstelling wae kirang langkoeng 7 joeta, déné boekoe-boekoenipoen pinten-pinten ewoe. Manawi lijs - lijs lan boekoe wae, katoempoek, manoen pratélanipoen prof. van Gelderen, inggilipoen kirang langkoeng wonten 150 meter. Kedjawi poenika, kantor Volkstelling tjtahjing ngedalaken kartjis-kartjis kirang langkoeng 50 mlijoen, kanggé njateti katrangan-katrangan gagajoetan kalijan satoenggaling toenggaling tjtahjing ingkang katjajahaken djiwanipoen.

Kanggé mranata toewin nindakaken angsal-angsalanipoen pamétang, kantor Volkstelling tjtahjing nganggé mesin ingkang reginipoen éwonan roepijah.

Ing serat-serat kabar kawartosaken bilih kala tanggal 1 November poenika, Goepernoer Djéndral Indoestan (djadjahan Inggris), i.p. Baron Iwin damel proklamatie (dawoeh oemoem) njeboetaken bilih Paréntah loehoer Inggris badé maringi wewenang *dominion* dateng pradja Indoestan. Dados tegesipoen Indoestan badé angsal mrentah kawoelanipoen ing pradja ngrikoe pijambak. Ing serat dawoeh wae katerangan oegi bilih badé toemoenten kawontenaken komprènsi ing London, preloe netepaken angger bakoe ingkang badé dados dedasaring pepréntahan *dominion* Indoe wae.

SAGED OEGI BADÉ DADOS GENDRA.

Sawedailipoen proklamatie wae, golongan nasionalisten Indoe, kaem Suaristen, para politicus, makaten oegi sang mahatma Gandhi, sami mratélakaken roedjoekipoen dateng serat dawoeh wae! Lan nedyia ngéwahi haloewanipoen non-cooperatie dados kooperatie; tegesipoen poeroen njamboet damel kalijan paréntah kanggé perloening kafentremnipoen pradja Hindoestan. Dalasan njonjah Any Basent inggih toemoet mbijantoe.

Anggénipoen poeroen mbalik dados kooperator, sang mahatma Gandhi wae mawi pradjangdji, oeger dedasaring *dominion* wae:

a) politiekeing pamaréntah kedah adedasar karoekoenan oemoem.
b) tetijang ingkang sami karoekoem margi politiek, soepados sami kawoewarana.
c) wewenanging swara bangsa Hindoe wonten ing konggrès nasional (national congress) ingkang saban - saban kawontenaken, kedah langkoeng katah tinimbang bangsa sanès-sanèsipoen.

Dados nitik pradjangdji ingnginggil poenika, samangsa paréntah Inggris boten najogjani, kaem non meksa dèrèng (boten) saged itjal saking pradja Hindoe.

Nanging proklamatie wae poenapa dipoenaroedjoeki ing sadaja golongan (partij) ing tanah Inggris? O, boten! Kados sampoén dados panedaning djaman, sok wonten actie, sang *reactie* inggih ladjeng toewoeh kadya djamoer ing mangsa rendeng. Tjoba koela atoeri mirsani oreging Indonésiah ngriki, soemarambahipoen dateng Nederland, rikala ramé-raménipoen ngrembag Ind: meerderheid wonten ing raad kawoela (volksraad)! Kados-poendi? Menggaha perang mekatan rak sampoén keproek - keproekan popor, manawi malah sampoén roeket geloet oeleng - oelengan! Nanging kadadosanipoen kados-poendi? Pra maos sampoén oeninga sadaja. Motie katampi!

Makaten oegi ing tanah Inggris inggih setali tiga oewang. Golongan lawan sanget boten roedjoek dateng wosing proklamatie wae; sami boten narimah ing manah, mastani bilih Hindoestan dèrèng pantes (tjara ngriki: doeroeng mateng, 300 taon manèh), nampi wewenang *dominion*.

S. kabar Daily Mail ingkang ageng pengaroehipoen, ngoembar swara, soepados para kaem Conservatief samia toemandang damel, ndoewa kadjengipoen paréntah India Inggris, amargi jèn sajektos, badé damel pakéwed, saha sangsaraning Hindoestan.

Sang nindya Mantri moeka ing Inggris, i.p. Mac Donald (golongan socialist), margi toewoehing lawan saking partij konsèrpatief, badé awrat tetanggalanipoen. Nanging boten badé moendoer, lan samangsa

PAKABARAN SAKING PANGRÈH P.K.W.

Ngadjengaken wiwitaning woelan November poenika pangrèh P.K.W. ngintoenaken formulier kanggé jaarverslag dateng K.W.-K.W. toewin sampoén damel wara-wara wonten ing Swara Tama ngriki, bilih Pangrèh P.K.W. ngadjeng - adjeng loembebetipoen: a. *Djangkeping contributie* taon 1929. b. *Oesoel - oesoel* toewin jaarverslag - ipoen pakempalan - pakempalan ingkang ngajom dateng P.K.W. (K.W.-K.W. Roekti-Woeri, Van Lith-fonds toewin Sw.Tm.); ananging ing wara - wara ngrikoe kesoepèn boten kapratélakaken, bilih KASEP - KASEPIPOEN loembeting jaarverslag toewin oesoel - oesoel wae kasoeuwen ing poendating woelan December.

Anggénipoen njoewoen loembeting jaarverslag toewin oesoel - oesoel wae radi langkoeng awal tinimbang taon ingkang kapengker, preloenipoen para K.W. sadèrèngipoen wonten P.K.W. vergadering, sageda ngwontenaken pakempalan kaping kalih: *sapisan* kanggé ngrembag pandameling jaarverslag; kaping kalih kanggé ngrembag oesoel - oesoel saking K.W. oetawi sanèsipoen ingkang kagijaraken wonten ing Swara Tama ngriki.

Pangrèh P.K.W.

proklamatie wae boten kalampahan, trimah sèlèh, ! Kabinet Inggris kepeksa bibar!!!

Koela namoeng toemoet memoedji kelampahanipoen. Lan sageda noelari dateng tanah kita Indonésiah, sageda angsal wewenang maréntah pijambak kados ing Indoestan. Moegi-moegi.

Taklimipoen djoeroe mangsak Klentreng P.M.

LARASATI

PANGGOELA - WENTAH- IPOEN BANGSA WANITA.

Para sadèrèk! boten namoeng anakipoen kaem berah toewin tjtahjing alit kémawon, ananging wanita loehoer (hoogere stand) kedah sinaoe koewadjabipoen dados iboe. Sebab laré èstri badé ginadang - gadang poenapa? Iboe boten badé ngoedang anakipoen èstri: „wah bésoek dadi wong pinter; dadi doctor, advocaat oetawa dadi minister, ja, gendoeek.” O tentoe mboten ingkang makaten poenika. Ananging ingkang dipoen-adjeng - adjeng sageda keng poetra atoet roentoet, saged ngladosi goeroe laki, manggih rahardja, kalis ing sambékala. Sebabipoen kok boten wanita poenika langkoeng asor katimbang prija ing bab beboedènipoen (vørstand), nanging sebab béda anggénipoen ngetjakaken, toewin ratjak boten kedoegi ndjangka pasinaon loehoer.

Poenapa padahipoen wanita pinter, pinoendjoel ing kawroeh, ananging badé tjoto ing salebeting grija? Sinaoe ilmoé pamisah, ilmoé kéwan sasaminipoen, poenapa poenika badé katab pigoenanipoen? Tjobi manawi saweg satata dahar kakoeng poetri, ladjeng kang poetri namoeng ngréken-ngréken: mah kangmas saiki wis ana 1/16 M³ anggoné dahar koolzuur, mèh 5 K.G. anggoné dahar eiwit, sasaminipoen; ananging manawi ladosanipoen boten sembad, poenapa keng raka badé étja anggénipoen dahar koolzuur lan eiwit wae? O moegi prakawis poenika kagatosna sadéngah wanita.

2. *Wanita ing béndjing badé dados bijoeng lan moelasara anak*. Sinten ingkang boten priksa, sipinten genging prabawanipoen bijoeng dateng anakipoen? Prabawa wae kedah tansah lestantoen, malah kapara sageda mindak, sanadjan laré sampoén ageng.

Inggih leres, prija maéwoe-éwoe, para winasis toewin doktor-doktor, sardjana sasaminipoen, ingkang kalok kondang ing sadjadag oepami sang praboe Soelèman mesti moendi - moendi, asih tresna, bektos sarta ngaosi sanget dateng bijoeng (iboe), senadjan poen bijoeng (iboe) wae boten mantra - mantra sami ing kasagedanipoen, malah bokmanawi boten wedalan sekolah inggil. Inggih leres anak ingkang saged (Dr. Mr. Ir.) dados langkoeng madjeng katimbang bijoeng, awis sanget kénging dipoenleresaken ing bijoeng, sanadjan poen bijoeng inggih kaéwokaken tjtahjing

saged. Ananging kawoeningana! ke-rep wonten kalanipoen laré, ingkang beboedèn lan memahanipoen katarik dateng piawon, wasana ngambah margi kirang prajogi, saged ketoeloengan, njandèkaken kekadje-nganipoen mblasar, manawi poen bijoeng boten namoeng wekel lan sregep ing panggoela-wentah kagemawon, ananging inggih gadah kasagedan.

Inggih makaten poenika, mila ladjeng dèrèng tjekap, manawi bangsa koela wanita namoeng kawoelang ngrénda, njoelami, otjal-otjal kémawon; nanging kosok-wangsoel, prakawis ingkang sakedik oetawi boten migoenani babar pisan, kedah sampoén kawoelangaken. Dados boten kirang, boten kladoek, nama tengah-tengah, poenika ingkang saé lan prajogi.

Ing djaman samangké, saking katabing ilmoe mblasar, ingkang moeroegaken binggoeng lan klintoe ing pamawas, samangsa tjtahjing boten ngatos-atos, ing djaman sapoenika kadang koela wanita kedah sami asikep dedamel kanggé ngangoelang mengsah adjoelug asikep dedamel, adedasar kekah, ngertos lan ngengkoki kaantepanipoen dados Katoe-toelik. Mila dèrèng tjekap, manawi namoeng ngertos sakedik dateng sarak lan pepatjoehing Agami, nanging poenika sadaja kedah roemasoek dateng baloeng soengsoem, soepados anggadahi raos Katoelek sadjatos.

A.

PANGREKSANING WANITA.

Ing samangké ing tanah Djawi ngriki golongan wanita katingal madjeng tandanipoen: sami sekolah, sami ngwontenaken pakempalan, konggrès lsp. Ingkang kados makaten poenika amargi ketoelaran bangsa Eropah.

Roemijin laré èstri poenika prasad dipoenkoeroeng, masti kémawon ingkang kados makaten poenika kirang prajogi, djalaran boten saged damel megaring boedinipoen, nanging inggih wonten saénipoen, amargi tebih ing sambékala.

Poenapa ing samangké toemrapipoen laré èstri ingkang sekolah, toemrapipoen wanita ingkang njamboet damel ing pabrik wonten ing pabrik ngrikoe dados reraosaning tjtahjing djaler, wonten ing margi tansaja jèn mantoekipoen sampoén radi peteng, dipoen-ganggoe ing tjtahjing. Wanita wonten ing kantor oegi makaten.

Tjektak toemrap wanita ing djaman samangké katab sambékalanipoen. Nalika laré èstri taksih dipoenkoeroeng, angèl kéngingipoen di-

poenwèrek. Sapoenika gampil lan inggih asring kelampahan laré èstri mantoek saking pamoelangan dawah ing pangowesaning wèrek.

Nitik ingkang kados makaten poenika perloe sanget dipoenwontenaken pangreksaning wanita. Nanging kados-poendi?

1e. Tijang sepoeh ingkang roemkesa. Tijang sepoeh ingkang njekolahkan anakipoen èstri ingkang taksih kénging dipoenrèh poenika sampoen goemloewèh. Jèn saged ngeteraken dateng pamoelangan, prajogi dipoenfindakaken.

2e. Goeroe ing pamoelangan sandangoenipoen moerid wonten ing koekoebaning pamoelangan wadji ngreksa. Wonten ing salebeting pamoelangan laré èstri lenggahipoen kapijambakaken kalijan laré djaler. Jèn noedjoe medal dipoenawat-awati, bokmanawi dipoensarengi ing laré djaler. Goeroe kalijan tijang sepoeh kedah gandèng.

3e. Wanita pijambak angreksaa dateng badanipoen pijambak. Jèn dipoensembranani, tijang ingkang njembranani kasentak.

Wonten ing pabrik sasaged-saged njowoen dateng toewanipoen, soepados papanipoen tijang èstri kapijambakaken.

Jèn wangsoel oetawi késah dateng pabrik (toemrap larés ekolah jèn wangsoel oetawi késah dateng pamoelangan) prajogi sesarengan kanti janiipoen katah. Tijang manawi katah dados kijat.

Manawi njamboet damel ngantos doemoege peteng, njowoena soepados laet ragi sijang.

4e. Pakempalan wanita kadosta Wanita Katoelik ngrembaga prakawis poenika. Poenika namoeng antjer-antjer. Jèn katindakaken sampoen loemajan.

„Jèn Kober.”

KOEROE SÉTRA NÉTRA MOELAT.

1. Pastorie

Koela tampi koran „Penaboer” saking salah satoenggaling njonjah Protestant, kinantèn briefkaart. Ing briefkaart waoe wonten seratanipoen „Dr. H. Van Andel. Pastorie Margjoedan Solo.” Koela pitakèn poenapa jèn ngaten poenika boten gampil klèntoe kalijan golongan R.K.? Njonjah waoe mangsoeli, boten. Kanggé ndjagi sampoen ngantos sloendoep-sloendoep, manawi kintoen seret dawah Pastoeran, prajogi kaadrsana mawi R.K., dados ladjeng R.K. Pastorie.

Leres temboeng Pastoer sami tegesipoen lan domine. Sinten soemerep, embèn-embèn wingking, vrije Katholieke kerk, inggih ladjeng mawi „Pastorie.”

Ngatos-atos saodara, djamanipoen djaman palson, djaman gaedongan.

2. J. Krisnamurthi mèmper G. Jésoes??

Ing seret-serat kabar katah ingkang martosaken jèn béndjing th. 1930; J. Krisnamurthi ingkang kaanggep „wereldleeraar” déning sadèrèk golongan Theosophie, badé angedjawi.

Manoet kapitadosanipoen sadèrèk golongan Theosophie (sadaja poenapa boten, Hercules boten patos damang), sang Kalokèng rat J. Krisnamurthi waoe ngèmper G. Jésoes.

„De Opgang” jugdorgaan saking golongan Protestant ndébat: „*Trouwens, hoe kan men zeggen, dat hij (J. Krisnamurthi Here) op Jesus gelijkt, op Jesus van wiene persoon we geen werkelijke portres bezitten.*”

Lo, ngono baé sadjaké petentengan, jèn mèmper menggahing wewoedjoedan, genah angèl sanget toemraping kanjataanipoen, pandébat ragi maton.

Nanging sinten ngertos, mbokmanawi ingkang kakersakaken sadèrèk theosophie waoe, mèmper menggahing soegengipoen poenapa kados-poendi?

Sadèrèk, soegeng Dalem G. Jésoes roemijin, mati-raga sanget. Pandjenganipoen tindak memoelang, tanpa ngengeti sajah oetawikados-poendikados-poendi, Pandjenganipoen dipoensepèlekaken manoengsa; Pandjenganipoen saged metja, damel pangéram-éram katah sanget; G. Jésoes anggènipoen kersa neboes manoengsa ngantos linabetan sangsara warni-warni? Ngantos doemoege séda kapentang. G. Jésoes kagoeangan Rasool, lan Rasool waoe sasédaning Hjang Pamarta ingkang kapoerih ngadjengaken pakarjan Soetji waoe i.p. ndjembaraken kratoning Pangéran. Sang Kristoes jasa Pasamoean Soetji, ingkang boten saged risak déning dajaning mengsah, ngantos doemoege ing béndjing boedjading djaman pisan, lan prakawis sanès-sanèsipoen malih, ingkang pandjenganing temtoe boten kekilapan.

Sapoenika poenapa J. Krisnamurthi ingkang kaanggep „wereldleeraar” oetawi paneboesing bangsa ma-

noengsa (manoet pitadosing sad. Theosophie) ngèmper! Sang Kristoes, Sang Pamarta; Sang Paneboes sajektos.

Sadèrèk „W.S.” panjerat ing „Opgang” trjijos „Krisnamurthi spreekt in gewone taal over gewone dingen”, mangka G. Jésoes, temtoe poenapa? ingkang gegajoetan lan prakawis njækkaken boedining manoengsa, gegajoetan lan karahajon langgeng.

Wonten malih ingkang moengel: „Misschien slechts een werktuig in handen van Mevrouw Besant, die op haar ouden dag nog weer de zon wil doen verrijzen.” Koela atoeri menggali pijambak saodara! Koela „pro” lan panginten ingkang kados makaten. Mila pinter, mboeled jektos foelietikiipoen Mevrouw Besant.

Sadèrèk, djaman sampoen sepoeh. Inggang ngatos-atos. Krisnamurthi dipoenëmperaken lan Sang Kristoes. Leadbether propaganda agami énggal „Vrije Katholieke Kerk.” La, rak roewet, ta? M.E. Diredja, djagoning kaoem „Adventist” metja: „Jèn kawontenaning agami?”, sampoen njelaki lan Katholik, poenika sa-toenggiling tanda jèn mèh kijamat.”

Badé poenapa? lan kados-poendi malih polahing djagad ndjawi, kita boten badé perdoeli, kita sampoen gadah „Sang Kristoes pijambak, ingkang sanjata, ingkang tansah paring margi ingkang leres dateng kita.” Hercules.

V A R I A

KEKIRANGAN IMAM, KINARJA TEPA PALOEPI.

Ngangseg sadèrèk!

Ngangseg poenapanipoen? Inggih soemangga ing sakedoegi pandjengan koela atoeri saja nemi sampoen ngantos koetjiwa, sampoen ngantos kawon kalijan tijang sanès. Inggang saged memoelang mangga koela atoeri saja ngénging; ingkang saged medal ing kalangan seret koela atoeri tjikat-tjikat, tjantjoet tali wanda; ingkang saged dedana mangga sampoen nganggé èwed-pakèwed owel dateng banda, mangga sampoen was soemelang, koela atoeri dedana; déné ingkang roemaos boten saged poenapa-poenapa kedjawi sembahjang inggih mangga koela atoeri nemi, sampoen goemlèmèng andléja!— kita kedah sajoek roekoeng andjaji djembar lan lèstantoeng misie! Kita kedah sami ngengeti ing tembé wingking, boten kénging ngé-tja-étja namoeng dahar lan néndra, kita kedah prihatos!

Ing Sw. T. lan S.K. tansah wonten pari wara saking jejasan Van Lith-Stichting; poenapa pandjenganing sampoen mlebet? Jèn dèrèng mangga koela atoeri énggal loembet, sampoen nganggé léléwa, semaja! Jèn sampoen soekoer, soeka soekoer ing Allah; ladjeng koela atoeri anggéngèng sadèrèk ingkang dèrèng mlebet! Jejasan énggal poenika taksih ringkih, tjara taneman ngaten mentas anggènipoen njèklokaken, dados taksih betah pitoeloeng ingkang wewoed baewo-soekoe, arta lawan arti. Mila mangga sami dipoen-gegesang! Pantjèn saé sedyal na toedjoenipoen Van Lith-Stichting. Inggih Van Lith-Stichting poenika ingkang tjalon saged badé ngentah kita, saking bebaja ageng ingkang badé doemoege. Van Lith-Stichting toedjoenipoen ngoedi sageda katah imam priboemi, soepados ing ngriki sampoen ngantos kekirangan sanget-sanget. Mangga poenika kinarja paloepi petikan saking „De Nieuwe Eeuw,” ingkang akapala Priesternood ing Frankrijk. Ing tanah Parangakik poenika wonten 87 kabiskopan. Inggih boten ing saben kabiskopan, kekirangan imam; nanging radin-radin sami kekirangan. Ing Kabiskopan Nizza, poenika djembar sanget; mitoeroet statistik 1928 tijangipoen Katholik sadaja 435.253 ing salebeting 222 parochies. Parochie 222 waoe ingkang 142 namoeng gadah imam *njatoenggal*.— lan ingkang woloeng dasa parochie, lan tijang Kath. antawisipoen 500—1000— tanpa pangèn! Wah, mesakaken sanget! Ing parochie kita ingkang isi tijang 10.000; 15.000 oetawi 20.000, namoeng wonten imamipoen katah-katahipoen *tiga*; ingkang temtoe *kalih*. Tjober sadèrèk koela atoeri menggali, tanah woetah rah-kita poenapa boten saged manggih lelampahan kados makaten poenika? O, saged! Kanti sanget, saja malih jèn ningali actie Indonesia temtoe boten ngantos atoesan taen!

Kados-poendi djalaranipoen kok ngantos kekirangan imam makaten? Makaten sadèrèk! Sadèrèngipoen taen 1914 sampoen sakedik tjatjahing imam énggal, langkoeng-langkoeng salebaripoen perang donja gesangipoen para imam rekaos sanget. Ngriki-ngriki awis teda, sami kématon. Inggang makaten poenika temtoe kémawon ingkang soemerep temtoe..... lan sanadjan tijang Katholik pijam-

bak jèn dipoentarsi anakipoen badé dados imam tamtoe inggih katah boten angsalipoen. Doemoege samanten kados sampoen keplok sami kalijan kawontenan ing tanah Djawi ngriki. Inggang saged mbéngkas ribed poenika kadjawi Van Lith-Stichting boten wonten. Angger Van Lith-Stichting lema, priesterfonds oegi lema, boten badé damel was soemelang; studiefonds oegi santosa saged damel tijang wasis pinten-pinten.

Kadjawi poenika taksih wonten sebabipoen malih, inggih poenika: Ing kabiskopan Nizza waoe ingkang sapratiganipoen tijang Kath. poenika tijang mantja (tijang Kath. 435.253, poenika ingkang tijang Prasmantja 294.605 tijangipoen mantja 140.648). Tijang mantja poenika tamtoe boten patos anggagas wontenipoen pastoor, sarta anak-anakipoen tamtoe boten sami malebet dateng Seminarie Fransch. Sapoenika tjonto poenika katjoendoekna kalijan kawontenan ing ngriki. Sinten ingkang kedah sami ngrembag betah kita poenika? Kita pijambak!

Ing wasana atoer koela dateng para moeda Katholik soemangga sami ngangseg, ngadjengaken bangsa kita. Para sadèrèk Kath. soemangga sami saijeg roekoeng nggegesang Van Lith-Stichting!

Sri Taman 29-11-1929.
SOE — TÈDJAJA.

SARAITA LAN TOGOG.

Saraita. Koela noewoen
Togog. Sinten ?
S. Koela koela Saraita.
T. Lo Saraita; kok ndjanoer-goenoeng temen, gelem mrené. Ana preloèné apa?
S. Ora kok ming dolan baé. Akoe wis kangen banget kok menjang kowé.
T. Sokoer ta jèn ngono. Kéné omong-omongan. Gilo, akoe tanpa koran anjar. Kowé wis matja apa Ta?

VAN LITH STICHTING

POENAPA

woelan poenika
pandjengan sampoen
maringi
oetawi ngintoenaken
contributie
kanggé
Van Lith Stichting

?

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

S. Koran apa kang? Swara Tama pa?
T. Hija!
S. O, oewis baé. Malah S. Katholik, De Koerier barang ja matja.
T. Jah, bok adja sok oemoek, ora apik. Dak kowé ja sok matja enggon advertentie barang . . ? Hara, tak bedé rak ora!
S. Hik, hik, biek . . . , bener kang pembedemoe. Akoe pantjèn ora taoe matja nggon advertentie.
T. O, lawong kowé! Iki diwatja!
S. „Soemangga sami ngabaraken ing Swara-Tama!”
T. Hara ta, nèk ngono ki priji? nDak kowé ja sok mbantoe (ngarang) ana ing Swara Tama?
S. Ora kang; wong akoe ora bisa kok.
T. O, kowé apa-apa ora bisa. Ana goeroe missie djaré ora gelem ngarang. Pantjèné rak koedoe ngloewihi goeroe Goeperménan. Ngreti?
S. Ajah, géne kantja - kantja lijané ja ora, ajol!
T. Lo, kok kantjané dipikir. Sing preloe rak awaké déwé. Apa nèk kantjané ana sing keséd ki ja 'ndjoer miloe ngeséd, ngono pa?
S. Ja ora ta? Witikna pijé wong ora bisa.
T. Mangsa, ana barang ora bisa. Apa kowé kroengoe tetembongan: „Waar een wil is, is er ook een weg.” *)
S. Wadoeh oemoek!
T. Ja ora oemoek. Tjober, oepamané rama Redacteur paring pitoeloengan marang awakkoé, nganti
S. Jah nganti apa
T. Lha, rak njela-njela; wong doereng rampong kok djeboel.
S. Ja ta wis ja; akoe sing loepoet. Mara teroesna!
T. Akoe nganti klakon dadi goeroe missie, wah , gelem baé akoe mbantoe rama redactie.

*) Waton nijat, ana kregngkat.

RAK MAKATEN TA! SINTEN NOETOETI???

Manoet statistik djagad samangké wonten tijangipoen 1736 joeta, malah kapara langkoeng. Déné ingkang Katoelik wonten 305 joeta oetawi 17.670/0.

Tetandinganipoen saben tijang Katoelik 100 ing:

Éropah wonten 140 boten Katoelik;

Asiah wonten 6400 boten Katoelik;

Afrikah wonten 3300 boten Katoelik;

Amérikah wonten 130 boten Katoelik;

Australia wonten 200 boten Katoelik;

Ningali makaten poenika djagad nama dèrèng Katoelik, langkoeng-langkoeng boewana Asiah, ingkang tijangipoen sapalihipoen tijang sadjagad sadaja.

Ing Éropah ingkang Katoelik wonten 41,50/0.

Ing Australia ingkang Katoelik wonten 47/0.

Ing Amérikah ingkang Katoelik wonten 43,8/0.

Ing Afrikah boten langkoeng saking 3/0.

Ing Asiah namoeng wonten 1 1/2/0.

Indonésiah ngriki tijangipoen wonten 52 joeta, ingkang 50 1/2 joeta tijang priboemi; ingkang Katoelik sadaja wonten 290.000, tijang priboemi wonten 210.000.

Ing Afrikah Imam satoenggal gadah bebahan njepeng tijang Katoelik 400, boten Katoelik 82.000; Oceaniah Imam satoenggal kanggé tijang Katoelik 400, boten Katoelik 110.000. Djepang Imam satoenggal ngreksa tijang Katoelik 880, boten Katoelik 180.000. India Tengah Imam satoenggal tijang Katoelik 860, boten Katoelik 100.000.

Mila soemangga sadèrèk sami tjantjoet tali wanda, atetoeloeng baewo soekoe kanggé tanah kita Indonésiah, sampoen ngantos kantoen kalijan sadèrèk kita ing mantja pradja anggènipoen ngadjengaken bangsaipoen.

Gegajoetan kalijan nginggil soemangga ngéma lelampahan ingkang nembé mangké kelampahan ing Braziliè. Ing Braziliè ngrikoek katah tijang saking Djepang; anggènipoen manggèn ing ngrikoek sampoen wonten kalih dasa taoen kapengker. Nanging saweg wiwit taoen 1926 katingal ombjaking tijang waoe dateng Agami Katoelik. Moela boekaniipoen kados-poendi? Oepami wit makaten alit sanget, ananging ingkang wohipoen mbijet ngemohi.

Anoedjoe satoenggiling dinten wonten laré èstri sowan ing ngarsanipoen Pastoer matoer poenapa kalilan ngadjak mitranipoen dateng woelangan. Sareng dipoenngand-

kani kalilan, laré matoer: „nanging poenika laré dèrèng kabaptis, Rama, malah mireng Agami Katoelik kémawon prasat dèrèng naté; poenapa kalilan?” Ija kena, wangsoelanipoen Pastoer. Wiwit poenika saben Ngahad laré èstri waoe ngirit mitranipoen alit-alit tjatjahipoen wonten 14 djaler èstri dateng Grédja perloe woelangan. Laré waoe djeboel laré Djepang anakipoen tijang Djepang ingkang manggèn ing ngrikoek. Saja dangoe boten namoeng laré kémawon ingkang ndèrèk, nanging tijang sepoehipoen inggih katarik. Wasana ing sapoenikanipoen ing Braziliè sampoen wonten tijang Djepang 777 ingkang Katoelik. Ing sarèhning laré - laré waoe kedah sekolah, mila ing ngrikoek ladjeng dipoendegi sekolah kanggé laré Djepang; malah sapoenika sampoen wonten internaat, kanamakaken internaat Santo Franciscus-Xaverius.

Poenika sadèrèk dados toelada kita. Kados-poendi, mangka kita boten poeroen kantoen ta; mila soemangga ngangseg.

Soemangga sampoen owel ngoerbanaken baewo soekoe; soemangga ngenggèni sama rata sama rasa saèstoe, sampoen namoeng doemoeeng wonten ing sastra kémawon kados pradja ing Roeslan. Sadèrèngipoen sama rata sama rasa, nanging sareng doemoege ing ngendon mikan-toeki badanipoen pijambak. Toemrap bangsa Bolsjewiek kaantepan kita poenika satoenggiling pès, ratjoening poeradjana, kawastanan oepasing bangsa. Mila sampoen lajak kémawon, manawi anggosaah para ingkang mahjakaken kanjataaning Pangéran. Katah sanget para Imam lan para loehoer sanèsipoen, dalasan para siswa kémawon boten kalih ing pangoeja-oerjanipoen sang Bolsjewiek. Sadaja ingkang kakinten ngribedi temtoe dipoenlèmpar, dipoensantoeni éblis laknat. Pradja ingkang kalebetan makaten poenika, manggih risak; sebab ing ngrikoek tindakipoen pangangeng ladjeng awatak koemloengkoeng, moerka lan ngangsa-angsa, dak menang boten adrih ngoetahaken rahing sanès. Poenapa poenika nama ngajomi para ringkih? melasi para sangsara kesrakat? Poenapa poenika sama rata sama rasa saèstoe? Inggang njepeng pangoeawas tindakipoen sawenang-wenang, boten ngemoek katresnanipoen? Tegelan dateng sesami, boten perdoelèng dateng para nandang papa, sama rata sama rasa?

Mesakaken donja makaten poenika; mila kadjagia ing ngriki sampoen ngantos klebetan ama makaten poenika. Noewoen

Poen X.

tembénipoen migoenani ngakatah dados pamanahan. Rèhning prakawis poenika dados manah, mila prajogi sami ngèmoeti srana-srana oetawi pamboedidaja kanggé angga-oetaw ingkang dados gagasan waoe.

Samangké mangsoeli angginem ing poendi doedoek-sèlèhing goeroe. Mila boten klèntoe manawi tijang mastani, bilih goeroe poenika pinidji ing Goesti Allah dados pantoenoning laré, moelang moeroek nedahaken ingkang leres lan ingkang njata, boten namoeng dateng laré satoenggal kalih, ananging dateng laré sasekolahan. Boten namoeng setaen kalih taoen, ananging dasanan taoen. Saben taoen samangsanipoen wonten laré késah, tamtoe wonten laré dateng. Saja katah laréipoen, inggih saja ageng tetangelanipoen.

Boten klèntoe manawi goeroe poenika dipoen wastani sésèlihipoen tijang sepoeh, awit kedah njolihi anggoela-wentah laré, ngleresaken ingkang bèngkong lan ngaloesaken ingkang kasar. Saja moenggoeh sanget samangsa goeroe poenika ngoedi, soepados gadah ambeging bapa, andjagi leres-leres dateng laré, lan kadoenoengan katresnaning bjoeng, roemngkoeh dateng moerid.

Nagari andjagèkaken, wontenipoen moerid - moerid ing béndjing sami ngoerbanaken pikiran lan rekaos moerih wiloedjenging oemoem, andjagèkaken wontenipoen tijang nal-lar gesang kanti tentrem.

Nitik ingkang kados makaten waoe sampoen samestiniipoen goeroe amboedi-daja sasaged-sagedipoen, soepados sadaja-sadaja sami boten ketjelik sarta migoenakaken angsal-angsalipoen pangoeodinipoen tijang sanès moerih pandjanganing nagari, ngakatah, tijang sepoeh saged kadoemoegèn, sarta adamel marempoen ingkang nindakaken pijambak.

Klatèn 1 September 1929.

S. Bratadarsana.

OPVOEDING.

BEBOEKA.

Manawi laré angsal didikan saé, tamtoe adamel begdjaniipoen tijang katah, adamel kaentoenganipoen oemoem poenika sampoen terang. Ing babagan noentoen laré mila boten alit oetawi èntèng sasanggènipoen goeroe. Mila inggih sampoen samestiniipoen manawi goeroe ngakeni dipoenpitados tijang sepoeh, dipoenpitados oemoem, malah dipoen pitados negari, sagah moelangmoeroek nenoentoen laré soepados sami manggih rahadjeng.

Goeroe dados soesoelihipoen tijang sepoeh dipoenparahi, laré dasanan, pinitados moerba-misésa, midjèni ingkang preloe-preloe. Tijang-tijang sami gadah pangadjengadjeng, soepados laré-laré sami dados tijang, liripoen sami migoenani ing ngakatah. Poenapa boten tjeta manawi saéning pakarjanipoen goeroe poenika adamel mindaking saé-nipoen kawontenan? Sampoen samestiniipoen saéning kawontenan, laré-laré sami dados tijang ingkang

K A B A R K A T H O L I E K .

Toewan Schmutzer.

Pandjenenganipoen Ir. J. Schmutzer administrateur pabrik gendis Gondang Lipoera, kapatedan sesebeotan Ridder in de Orde van St. Gregorius déning Pasamoean Soetji. Kanoegrahan ingkang semanten poenika sampoen saleresipoen, djer pandjenenganipoen pantjen katah lelabetanipoen dateng golongan Katholik.

Katjarijos, sadèrèkipoen djaler toewan Schmutzer kaseboet ingkang dedalem wonten Bogor, i.p. Ir. J. I. J. M. Schmutzer warga Raad Kawoela, pangarsa I.K.P., winisoeda dados maha goeroe bab kawroeh pelikan lss. wonten pamoeangan loehoer ing Utrecht.

Dawahing kabegdjan dateng sadèrèk kalih waoe kénging kawastanan kados semajan déning namoeng kaot sadinten kalih dinten.

Serat kabar A.I.D. saged njarijosaken soegengipoen prof. Ir. Schmutzer ing Bogor, kados ing ngandap poenika:

Pandjenenganipoen mijos wonten Weenen kala 11 November 1882; sakolah pamoeangan andap Broederschool ing Soerabaja, sarta poatoes sakolahan H.B.S. ing Soerabaja oegi. Wiwit taon 1899—1910 pandjenenganipoen sinao wonten polytechnischeschool ing Delft, ladjeng dateng Parijs, wasana sinao wonten pamoeangan loehoer ing Utrecht.

Kala taon 1904, toewan Schmutzer pikantoeke diploma insinjoer pamelikan wonten Delft; Taon 1910 oegi wonten Delft ngrikoe pikantoeke seseboetan doktor ing bab kawroeh technis. Bakda poenika ladjeng dados goeroe ngèlmoe minera-logie toewin geologie wonten Utrecht.

Woelan Djoeli 1912 pandjenenganipoen dateng Indija anjarengi geologische studiereis. Boten let dangoe njamboet damel wonten pabrik rosan, lan kala 1 Januari 1917 kawisoeda dados plaatsvervangend lid wonten toko E. Moorman & Co, ing Soerabaja. Taon 1918, ngrangkep ngasta procuratiehouder - ipoen Coster van Voorhoud & Co. Nanging ing akiring taon 1918, ladjeng anjèlhaken sadaja pandamelan, margi dados warga Raad Kawoela.

Tindakipoen toewan Schmutzer toemrap gotrah Katholik langkoenglangkoeng pakempalan I.K.P., nama kértjalen ageng - agengan.

Dateng prijanloen kekalih kaseboet ing nginggil waoe, Sw. T. ngatoeraken kasoegengan.

Prajaogeng Mexico sowan dateng Roem.

Salebetipoen woelan Oct. kapengker ngarsa dalem I. S. Kg. S. Rama nampi pisowanipoen prajaogeng Mexico Manuel Echeverria. Echeverria, katah sanget lelabetanipoen dateng Pasamoean Soetji, déning saged andjalari roekoenipoen nagari Mexico kalijan Pasamoean Katholik. Sampéjan dalem soeka panarimah ageng dateng pradjoeriting Pasamoean Soetji ingkang sanget prawira waoe. Manuel Echeverria kaparingan pangéng - éngét woedjoed potrèt, poenapadéné barang édi - édi kanggé sémah toewin anak - anakipoen.

Tijang soedjarah.

Ngarsa dalem Nata Roem mentas nampeni pisowanipoen poetra - poetra ingkang sami soedjarah dateng Kita Soetji, i. p. tijang saking Oostenrijk 400, warganing satoenggiling congregatie 150, tetijang Katholik saking kabiskopan Gaeta 300, saking Vincenza 600, saking Sora 450, tijang saking Zwitserland 200.

Kadjawin poenika, inggih nampi pisowanipoen wakiling Pakempalan Wanita Katholik ing Parangakik tjatjahipoen 650 (- Fransche Katholieke Vrouwenbond anggadhahi warga 1.300.000 -), poenapadéné warganing pakempalan Kenja Katholik ing Belgi tjatjahipoen 500.

Nalika pisowanipoen warganing pakempalan Kenja Katholik ing

Bèlgi waoe, Sampéjan dalem angandikakaken bilih: "... actie Katholiek makaten perang soetji ingkang tjalon oenggoel ing joeda. Nanging sadèrèngipoen tijang djoemangkah nedya adamel soetjining sanès, langkoeng roemijin kedah saged ngerèh, ngawonaken, poenapadéné noetjèkaken badanipoen pijambak. Tanpa perang boten badé oenggoel ing joeda; lan boten badé wonten perang kok tanpa pepalng. Pranatan toewin pambangoen toeroet poenika ingkang badé andjalari oenggoeling perang ... "

Kanggé mèngeti bedamènipoen Itali kalijan Vatacan.

Ing Roem wonten panitya badé mandjeri dijan pandjeran (eewuige lamp) wonten salebeting Grédja Fransiscus ing Thabor. Dijan pandjeran waoe minangka pangéng - éngét bedaminipoen Vatacan kalijan Itali, sarta badé dipoensiseni mawi lisah djaétoen ingkang sampoen sinoetjèkaken, wedalan patamanan djaétoen Gethsemene.

Ingkang damel dijanipoen satoenggiling ngoelama misoewoer ahli kagoenan.

I. S. Kg. S. Rama kalijan para nénéman.

Nalika Sampéjan dalem ngandikakani para Moeda Katholik Itali, mawi ngandikakaken bab tataran - tataraning martir, saha andjèdjèraken martir erah kalijan martir netepi kawadhiban padintenan. Ngarsa dalem moendoet soepados para nénéman Katholik dados martiring kawadhiban. Moeda Katholik boten kaparengaken mamang kalijan Ingkang Maha Koewasa toewin badanipoen pijambak.

Actie Katholik ing Djepang.

Ing Djepang sisih Kidoel wonten pamelikan areng séla ageng. Tijang ingkang beberah wonten ngrikoe sangang atoesan. Balandjanipoen sakedik. Tijang berah semanten waoe ingkang Katholik 180. Nanging ing ngrikoe boten wonten Grédja. Kaoem berah Katholik ladjeng sami ngedegaken pakempalan. Kantjanipoen ingkang katingal radi saged kapilih dados goeroe - agama. Arta oeroenan ingkang kaklempakaken wonten pakempalan, kaanggé toembas grija ageng. Grija waoe kadadosaken Kapèl. Pendak Ngahad, lan sawoelan kaping sakawan manawi pinoedjoe angsal ngaso, gotrah Katholik sami ngalempak wonten Kapèl sembahjang, poenapadéné matengaken kawroehipoen Agami.

Manawi kalamangsa kaoem berah waoe sami sambat ngrekaosing pandamelanipoen, ladjeng kéngetan manawi dados kaoem berah dalem Pangéran, wasana ladjeng netepi wadhibing Katholik kalijan tementemen. Kadjawin poenika, boten sami kasoepèn mentjaraken Agama Katholik dateng kantja - kantjanipoen ingkang dèrèng Katholik.

Katjarijos, warganing pakempalan waoe saben woelan teroes taksih nglempakaken arta. Boten dangoe ing papan ngrikoe mesti ladjeng wonten grédjanipoen.

Pantes sinoedarsana!

Actie Katholik ing Apost. Prefectuur Bengkoelen.

Sapéranganing grija sakit Katholik ing Tandjong Sakti kala woelan kapengker sampoen kabikak. Prijantoen - prijantoen katah ingkang andjenengi.

Tanggal 21 Désèmber, grija sakit waoe tjalon kaimbetan Zusterzuster malih saking nagari Walandi.

Kala 17 November ing Lahat anoetjèkaken Grédja. Adeging Grédja waoe kénging kawastanan saking dajanipoen gotrah Katholik ing ngrikoe pijambak. Awit, kadjawin sami ngawontenaken arta, inggih sami toemandang oeroen baoc soekoe.

K A B A R O E M O E M .

I N D O N É S I J A H .

Tindakipoen njonjah De Graeff.

Njonjah De Graeff garwanipoen Ingkang Witjaksana Goepnoer Djéndral, èstoe kondoer dateng Nederland, nitih baita Huygens. Margi manggalih kasarasaning sarira, pandjenenganipoen kepeksa boten saged nampi pisowanipoen mitra toewin tetepangan ingkang sami badé ngatoeraken soegeng tindak.

P. P. K. D. afdeeling Djokja.

P. P. K. D. Njajogjakarta, mbéndjing tanggal 22 December badé ngwontenaken parepatan warga,

ngrembag oesoel - oesoel dateng konggrès toewin dateng tjabang pijambak.

Pakempalan Siswa Katholik.

Pakempalan Siswa Katholik Njajogjakarta, mbéndjing éndjing sonten djam pitoe (malem Ngahad) badé mèngeti sataoenipoen, manggèn wonten grija K. S. B. Kota Baroe, mawi lelangen tonil, lss.

Rekès bab apjoen.

Déli Crt. njarijosaken tetijang Tioghoa ing Soematra Pasisir Wétan

ngawontenaken panitya kapoerih rekès dateng panitya pjoen gadahanipoen Volkenbond, neda soepados angitjaji pamedal toewin padagangan tjandoe. Manawi saged, salebetipoen tigang taon. Panitya waoe oegi kapoerih rekès dateng Paréntah Indija njoewoen soepados Nagari ngawontenaken grija sakit ageng kanggé mantoenaken tetijang ingkang sami madat.

Koemisi padagangan Amèrikah.

Soematra Pasisir Wétan mentas katamoewan Koemisi padagangan Amèrikah.

Koemisi waoe dipoenpangageng prof. Crocheron lan warganing Departement Padagangan ing Amèrikah. Déné sedyanipoen badé ngadjenaken lebeting woh - wohan wedalan Amèrikah.

Bakda saking Soematra, koemisi ngladjengaken lampah dateng Malakah. (Déli Crt.)

Serat kabar.

Saking pamboedidajanipoen pènsijoenan djeksa ing Samarinda sadèrèk Anang Atjih, saged ngedegaken kongsi mawi pawitan f 25.000. Kongsi waoe sedyanipoen badé damel pangetjapan sarta ngedalaken serat kabar wonten Bandjarmasin. Wedaling serat kabar, mbéndjing Djanoewari ngadjeng poenika, kawedalaken saminggoe kaping tiga.

Pagantosan énggal.

Katjarijos, Nagari badé ambikak grija pagantosan énggal salawé wonten ing: Bandarsidajoe (Pekalongan), Sitangal (Tegal), Setjang, Ngraoe, Soegihwaras (Bodjanegara), Deksa (Ngajogya), Djatisrana (Soerakarta), Pangkalpinang, Belinjoe, Muntok, Soengailiat Toboali (Bangka) Tandjoengpandan, Manggar, Gantoeng (Blitoeng) Tandjoengpinang, Tandjoengbalékarimoen, Samboe, (Tandjoengpinang), Pontianak, Singkawang, Sambas, Mampawah, Lamoele, Maroedoe, (Pidi) toewin Serbalawan (Simaloengoen).

Ngasonipoen poenggawa pagantosan.

Dawoeh saking pangageng pagantosan, pranatan poenggawa pagantosan kénging ngaso satengah edjam wiwit djam 11 doemogi 11.30 poenika toemindakipoen adamel ribedipoen para angantosaken ingkang kasesa. Margi makaten waoe, pranatan ngaso satengah edjam poenika, samangké kasoewak.

Blandjanipoen pangageng distrik. Blandjanipoen pangageng distrik ing tanah Soematra Kilèn ingkang dèrèng sami kalijan bajariipoen pangageng distrik ing tanah Djawi, badé toemoenten katata malih.

Kongsi-kongsi énggal.

Naamlouze Vennootschap Drukkers en Uitgevers Maatschappij Borneo, ing Pontianak, pawitanipoen f 30.000 kabagé - bagé dados 600 aandeel a f 50.

Naamlouze Vennootschap Electrische Drukkerij en Boekhandel Chung Hua Koedoes, pawitanipoen f 50.000 kabagé dados 500 aandeel regi a f 50.

Katahipoen tijang minggah kadji.

Ing taon poenika tjatjahipoen tijang minggah kadji kirang - langkoeng wonten 28.000.

R. A. A. Nitinagara. †

R. A. A. Nitinagara Boepati Prabalangga, kala 27 November djam kalih daloe, kapoendoet Ingkang Maha Koewasa, margi hartkwaal. Para maos mesti sami kéngetan, swargi ingkang Boepati Prabalangga poenika Boepati modern, ingkang miwiti njebar sirkoelèr ngitjali dodo toewin sembah.

Conferentie Arbeidsinspectie.

Ing Betawi mentas wonten sarséjanipoen wakil - wakiling pakempalan onderneming kalijan Arbeidsinspectie, ngrembag soepados Arbeidsinspectie ngéwahi tjarianipoen paniti priksa.

Conferentie waoe anetepaken: wekdaling paniti priksa badé kasoemerepaken langkoeng roemijin, kados waoe - waoenipoen. Nanging manawi wonten onderneming ingkang dipoenmanah boten saé, datengipoen arbeidsinspectie boten mawi soeka soemerep langkoeng roemijin.

Para administrateur manawi ngle - resi inspectie kedah andjagi soepados toemindaking inspectie saged kalajan rantjag, toer inggih sageda lalajanan kalijan sadaja koeli.

Conferentie anetepaken: pendak nem woelan sapisan ngawontenaken moesawaratan makaten poenika.

Grija séwan Soerakarta.

Nagari Soerakarta badé ngadani panggaotan njéwakaken grija, kanti paséwan mirah. Anggènipoen jasa watawis soewidak woewoeng. (S e d y a T a m a).

P A N G A J O M A N T O E M R A P B R A J A T .

(Gandèng kalijan Volksraadprogramipoen I.K.P. kanggé taon 1931-1935.)

- 0 -

ROEMEKSANIPOEN ROEM.

WANITA KATHOLIEK KEDAH TOEMOET TOEMANDANG.

- 0 -

III. (telas).

Koela sampoen sami soemerep wedjangan Moderisme toemrap idjab. Koela oegi sami mangretos wawaton Katholik toemrap prija-wanita. Ngalam donja wonten djagad kalih: djagadipoen para njingkoer Pangéran, kalijan djagadipoen para ngawoela Allah. Para poetraning Padang sami ngowooeh: „Ngalam donja iki omah peparing Dalem Pangéran, minangka kanggo koekloempok bisané olèh kamoeljan langgeng ana ing ngakérat. Déné anakipoen pepeteng sami pating brengek: „Allah ora ana; akérat ija ora ana!"

Anggènipoen „njélaki wontening Allah, njélaki wontening ngakérat" noewoehaken modèl énggal pinten - pinten: vrieje liefde, Neo-Maltusianisme lss. ingkang wohipoen boten wonten sanès kadjawi ambibrah kasoelaning prija - wanita; nglorodaken daradjading manoengsa.

Nanging, Roem tansah moelad! Roem ingkang roemeksa karahardjangan boemi boten kendat anggènipoen merangi wedjanganipoen para anak ing pepeteng.

Poenapa Sampéjan dalem Ingkang Sinoehoen Gregorius XVI boten mangsah joeda maprali ngèlmoe „bandeloose vrijheid?"

Poenapa ngarsa dalem Sri Nata Pandita Pius IX boten merangi gagajoehan revolutionair??

Poenapa ngarsa dalem Leo XIII boten merangi wedjangan liberal??

Poenapa Sampéjan dalem Kg. S. Rama Pius X boten merangi édanipoen modernisme??

Roem tansah roemeksa! Sanadyan warni-warni tjaranipoen, béda-béda kala mangsanipoen, nanging sadaja satoenggal ingkang ginajoeh, i. p. ngleboer para anakipoen pepeteng.

Doemoeoginipoen Wawakil Dalem ingkang djoemeneng sapoenika, i.p. Sampéjan dalem Pius XI, inggih boten kasoepèn neroesaken joedanipoen Wawakil Dalem ingkang roemijin-roemijin. Wonten ing nawala „Ubi arcano" Sampéjan dalem ngandikakaken: ageng-agenging kasang - saran ngènging donja kalebet oegi bobroking brajat. Loewih nje - dihaké manèh déné piala koewi maoe toemama marang brajat kang dadi bakoening tetalesing maatschappij.

Widjining pegatan woos kasebar bijèn-bijèn, loewih-loewih dèk djaman perang. Widji maoe ngojod nalikané wong - wong lanang soemingkir saka ngomah; margi kasoelaning saka moendak-moendak bobroké; apadéné margi kamardikan kang ora patrap toemrap kasoelaning saka bange. Lan margi mangkono maoe, kerep baé ana anak ora ngerti bapa, sedoeleer sesatron pada sedoeleer, bendara moemoeog - soehan karo batoer, batoer karo bendara. (Nawala dalem Pius XI: 23 Dec. 1922). Margi makaten waoe, Sampéjan dalem moendoet soepados para poetraning Pasamoewan Soetji, sadaja pakempalan ingkang ngèsti „Actie Katholik" sami toemandang mangsah perang kanggé preloening Altaar toewin Grija, kanggé preloening Pasamoewan toewin Brajat.

* *

Para prijantoen! Sanadyan atoer koela boten andjalimet, nanging doemoeogi samanten kémawon pandjenengan sampoen saged ngoengkabi ingkang andjalari ing salebeting djagad Katholik wonten temboeng: „Pangajoman toemrap brajat". Lan, nitik dawoeh dalem Kg. S. Rama Pius XI kaseboet nginggil, (poenapadéné dawoeh-dawoeh dalem para Nata Vatacan ingkang roemijin - roemijin) pandjenengan inggih boten goemoen déné I.K.P. damel program angajomi brajat. Manawi Roem toemandang angajomi brajat, poenika kita para wadyabala Roem, dalah pakempalan kita, inggih kedah toemmoet toemandang!

* *

Rembag „Pangajoman toemrap brajat" poenika mesti inggih wonten sasambetanipoen kalijan rembag wanita dalah pakempalanipoen. Djer, sampoen tétéla terang, wanita (bi - joeng) makaten wonten salebeting brajat kalebet factor ingkang wigati.

* *

Rembag „Pangajoman toemrap brajat" poenika mesti inggih wonten sasambetanipoen kalijan rembag wanita dalah pakempalanipoen. Djer, sampoen tétéla terang, wanita (bi - joeng) makaten wonten salebeting brajat kalebet factor ingkang wigati.

* *

Rembag „Pangajoman toemrap brajat" poenika mesti inggih wonten sasambetanipoen kalijan rembag wanita dalah pakempalanipoen. Djer, sampoen tétéla terang, wanita (bi - joeng) makaten wonten salebeting brajat kalebet factor ingkang wigati.

* *

Rembag „Pangajoman toemrap brajat" poenika mesti inggih wonten sasambetanipoen kalijan rembag wanita dalah pakempalanipoen. Djer, sampoen tétéla terang, wanita (bi - joeng) makaten wonten salebeting brajat kalebet factor ingkang wigati.

* *

Rembag „Pangajoman toemrap brajat" poenika mesti inggih wonten sasambetanipoen kalijan rembag wanita dalah pakempalanipoen. Djer, sampoen tétéla terang, wanita (bi - joeng) makaten wonten salebeting brajat kalebet factor ingkang wigati.

Gagasan modèl énggal bab kempaling prija-wanita, poenika temenipoen angrèmèhaken daradjading wanita. Ngèngeti anggènipoen dados tijang ngèngeti anggènipoen dados warganing maatschappij, ngèngeti anggènipoen dados Katholik, soemerep kawontenan „idjab saka - rep - karep" poenika, para wanita Katholik saestoe kedah prihatos manahipoen. Kedah anandangi sageda kawontenan makaten waoe itjal.

Pakempalan „Wanita Katholik" temtoe boten kekilapan dateng sedya koela. Mila, mangga tandang pandjenengan dateng laladan prakawis waoe pandjenengan srempeng, langkoeng tinimbang K.W. lss.

Katjarijos, pakempalan-pakemlanipoen sadèrèk wanita Katholik ing Kilèn, kala taon 1910, rikala djoemeneng dalem I. S. Kg. S. Rama Pius X sampoen sami manoenggil, andadosaken saja kijating dajanipoen Poesaraning pakempalan waoe kala taon 1925 ngawontenaken konggrès wonten Roem, ngrembag prakawis „Pangajoman toemrap brajat". Saben sonten ngarsa dalem moendoet palapoeran poenapa - poenapa ingkang kapoetoes wonten salebeting konggrès. Malah sampéjan dalem najogyani sanget gagajoehanipoen konggrès gangsal warni kaseboet ing ngandap poenika:

1. Saben laré Katholik sageda mlebet wonten sakolahan Katholik.
2. Amerangi poenapa-poenapa ingkang ngrisakaken kasoelaning.
3. Anggolongaken para kenja Katholik.
4. Bab pakarjaning wanita.
5. Njinaoni para wanita Katholik dateng prakawis politik. (Politieke scholing van de Katholiek vrouw):

Ing taon 1928, Poesaraning pakempalan wanita Katholik waoe inggih ngawontenaken konggrès malih, manggèn ing Den Haag angrembag: „Andjoendjoeng kasoelaning brajat"

Ing ngriki ladjeng tétéla prakawis angajomi brajat sanget dados pamanahanipoen pakempalan Wanita Katholik ing Éropah. Moegi - moegi tjonto ing nginggil anggoegah panggalihipoen wanita Katholik Indonesijah ingkang sami manoenggil wonten salebeting pakempalan Wanita Katholik.

* *

Katjarijos ing Nederland sampoen katah pakempalan-pakempalan Katholik ingkang nandangi rembag „Pangajoman dateng brajat". Kala woelan Agoestoes, nagari Walandi wonten conferentie internationale ingkang kaping kalih angrembag prakawis Gesang toewin Brajat. Moesawaratan waoe najogyani poenapa ingkang dados actienipoen pakempalan Katholik ing Sepanjol bab angajomi brajat i. p.

1. Nanging soepados tetijang sami angakeni saestoe bilih kasoelaning ingkang andjoendjoeng daradjading kahoehoeran poenapadéné wewenangipoen wanita, poenika saestoe gagajoehan kalijan saéning gesang wonten salebeting brajat.
2. Nanging soepados tetijang sepoeh anggadhahi sadaja wewenang dateng anakipoen, langkoeng-langkoeng ingkang gagajoehan kalijan panggoela-wentah.
3. Nanging soepados tetijang sami angakeni bilih sadaja rembagipoen gesang sasarengan poenika inggih angènging salebeting brajat.

enz. enz (zie verslag Tweede Internationale Conferentie voor het Leven en het Gezin, De Tijd 29 Aug. '29). Moegi toelada ing nginggil poenika ngènging manahipoen para Katholik Indonesijah ingkang sami anggolong wonten P.K.W. toewin P. P. K. D. anandangi rembag „Pangajoman toemrap brajat", kanti ngèngeti bilih Indonesijah poenika déné Nederland; Wétan poenika déné Kilèn.

Kumuningsaselé 2 Dec. 1929

Taklim: Patjar Mèrah.

CORRESPONDENTIE:

M. J. A. Koepoe Biroe, boten saged kapatjak, wosipoen (isi) boten béda kalijan ingkang sampoen kawrat ing Sw. Tm. No. 13 tanggal 19 April 1929 katja 1 kolom 4 lan 5. Njai Gedé Winong, boten matoek kapatjak ing koran; tjobi kadamel brochure.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAE TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada ter-ima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poelohan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA

tanggong beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

INGKANG NJEPENG LARÉ
NGRENGGANI DJAMAN
TEMBÉ - WINGKING!

Prijantoen

JEUGDORGANISATIE

Sampoem kasangga miring !!

TOKO DJOEN & Co.
PATJINAN TELEF. NO. 374 DJOCJA.

BOEWAT MERAJAHKEN
HARI RAJA ST. NICOLAAS.

Kita baroe trima:

CHOCOLADE - LETTERS,
CHOCOLADE - FIGUREN,
CHOCOLADE - LUXE DOOZEN BONBONS,
dan lain - lain.

Djoega selama bisa belie:

= KOEWEEH² SPECULAAS =
djoega bisa die trima pesen seharie die moeka
= FRAAIE BOTER LETTERS =

Boewat pesenan koeweeh speculaas lebih darie 10 pond, die reken banjak lebih moerah.

MEMOEDIJKEN DENGAN HORMAT:
TOKO DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG.
H. SPIEGEL - DJOKJA.

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:
kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak
moelai harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,
kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk;
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom
Sekolahan-sekolahan dan perhimpoean-perhimpoean,
bisa terima potongan harga.

DARI SEBOETAN
DJADI REBOETAN

DALAM 3 BOELAN
TELAH DIDJOEAL
LEBIH DARI
55.000
VOLKSALMANAK 1930
BALAI POESTAKA

Akan tetapi masih ada.
Bahasa DJAWA, MELAJOE, SOENDA.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30.	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ³⁾ 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30.	Kepandjen 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerwodjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari ⁶⁾ 7.30.	Sambas 6 - 8.30.	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap ⁵⁾ 7.30.
Kota Baroe Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Djombang ¹⁾ 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Fort de Kock 7.30.	Muntok 8.	Semarang: 7 - 9.	Wates ⁷⁾ 7.
Gandjoeran ²⁾ 7.	Ngawi ⁷⁾ 7.30.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gombong ³⁾ 7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Keboemèn ⁴⁾ 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Kediri 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Klatèn 7.30.	Palembang 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean ¹⁾ 7.30.	Soekaboemi 6 - 7.30.	

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

MANTJA NEGARI.

BARITANIJAH. Pamanggihipoen Kellogg. Kala woelan kapengker, wonten salebeting bodjana ing Londen, Kellogg mahjakaken pamanggihi: perangipoen Sovjet kalijan Tiongkok poenika ateges kasangsaran ingkang ngèngingi sadjad rat. Nanging pandjenenganipoen oegi kagoengan kajakinan bilih bedamèn - anti - oorlog ing Parijs toemamanipoen datang nagari kalih wae badé kados rim.

Toemrap Amèrikah kalijan Baritanijah, toewan Kellogg jakin sanget boten badé sami peperangan. Samanten oegi Amèrikah inggih boten badé mangoen perang kalijan nagari ageng-ageng ing Éropah. Pradja² Éropah sami seneng ningali kamadjenanipoen tanah Tiongkok ingkang ngèsti datang karoekoenan toewin katagoeban.

Kellogg kagoengan pangadjenang-adjeng moegi ngalam donja saja tentrem nglankoengi tinimbang ingkang sampoem - sampoem.

Baita kasangsaran. Salebetipoen minggoe kapengker, Inggris katemoep prahara.

Baita Molesey remoek wonten sa-tjaketing pasisir Pembrokeshire. Baita wae agengipoen 3809 ton, poeng-gawanipoen kirang langkoeng 30. lngkang saged kapitoeloengan, poeng-gawa kapal 24, njonjah-njonjahipoen para opsir, lan tjang noempak kalih sami woeta.

AMÈRIKAH. Tetanèn. Tetanèn ing nagari Amèrikah (saplok sabak-danipoen perang ageng), sapoenika ketawis langkoeng madjeng pijambak, katimbang ingkang sampoem².

Katjoelikan arta. Manoet pé-tanganipoen toewan Algire vice-pre-

sident Verzekeringsmaatschappij, katjoelikan arta ingkang ndadosaken kapitoenanipoen kawoela ing ngrikoe, saben taoen-taoenipoen wonten 100 miljoen pondsterling, i.p. margi tindak salingkoeh: 25 miljoen pond, margi pandoeng lss. 50 miljoen pond, lan margi lampah palson - palsonan 25 joeta pond.

Salebetipoen 4 taoen: 1925 - 1929, wonten bank 70 ambroek margi dajaning katjoelikan warni-warni; déné kapitoenanipoen langkoeng saking 6 miljoen pondsterling.

Tjalon mirah pandamelan. Toewan James Walker burgemeester ing New York ngedalaken warawara ngrantjang padamelan² ingkang kedah kagarap tjang éwon ing salebetipoen 4 taoen, nelasaken wragad 200 miljoen pondsterling.

ROESLAN. Oekoeman pedjah. Ing Roeslan angwontenaken oending matrapi oekoem pedjah datang sinten kémawon ingkang damel toewin njadé arta kertas palseo wedalan Roeslan oetawi wedalan nagari sanès.

Republiek énggal. Sovjet-unie sapoenika wewah warga satoenggal malih i. p. republik Tadsji Kistan. Tadsji Kistan poenika doemoe-noeng wonten paredèn Pamir, djem-baripoen kirang langkoeng 155.000 K.M.²; djiwanipoen sajoea.

Boten poeroen ngakeni. Serat-serat kabar Sovjet boten poeroen babar pisan ngakeni pandalihanipoen serat-serat kabar Inggris mastani bilih dahoeroe ing Afrika Kidoel (zie Sw. T. kapengker) poenika saking pandamelipoen Sovjet.

Komplot Anti-Sovjet. Djéndral

Petloera ngedegakan komplot, nglawan Sovjet. Komplot poenika wae nedyang ngedegaken kradjan pijambak wonten Oekraïne. Sampoem mesti kémawon katah tjang ingkang dipoentahan.

DJERMAN. PISOENGSOENG KON-DJOEK NGARSA DALEM NATA PANDITA ROEM. Anjarengi sèket taoenan dalem I. S. Kg. S. Rama Pius XI poenika, nagari Djerman ngoendjoeki pisoengsoeng awarni pirantos dahar tjekap kanggé tjang 60: Pirantos dahar wae wonten 500 idji, damelanipoen pabrik porselin gadahanipoen nagari, ing Berlin, njéngkok pirantos dahar kagoenganipoen Frederik de Groote kala taoen 1766 - 1769. Pisoengsoeng poenika rinengga rengga mawi gagambaran tangan saklangkoeng pèni, sarta sapoenika taksih kapitontonen wonten pabrik ngrikoe.

Katahipoen tjang ingkang boten gadah pandamelan. Tjatjahing tjang ingkang boten gadah pandamelan ing Berlin kala tegananipoen woelan November, sampoem langkah saking samlijoen. Mangka kala November taoen kapengker namoeng 800.000.

TIONGKOK - ROESLAN. Perangipoen nagari kalih poenika dèrèng kèndel-kèndel. Nanging, nitik oengeling tilgram-tilgram Aneta, kala minggoe kapengker, golongan Tiongkok sanget kasoran. Wonten Tsankang, Manchhoeli, Dalainor, wadya Tiongkok katah sanget ingkang tiwas, kètjalan sendjata, kètjalan mrijem, obat lss. Kala tanggal 25 Nov. paréntah Tiongkok ngintoenaken tilgram, sami oengeli-poen, datang nagari-nagari warganing Volkenbond ingkang sami nanda tangani bedamèn anti-oorlog. Tilgram wae

anerangaken: tandoekipoen Tiongkok namoeng dapoer ngajomi nagarinipoen (defensieve houding) inggih sanadyan Sovjet tansah ngangseng malebet wonten laladan Tiongkok, ngedjègi kita-kita lss. Mangka ang-gènipoen makaten wae Roeslan dèrèng angoendangaken perang meng-sah Tiongkok. Tiongkok anggadahi pangadjeng-adjeng moegi para war-ganing bedamèn - Kellogg sami toemandang sapiroenipoen soeka pa-oekoeman datang Sovjet ingkang tètela andjarag boten netepi oengeling bedamèn anti-oorlog.

Aneta Radio saking Nauen 26 Nov. njarijosaken wakil Tiongkok ing Berlin ngintoenaken nota datang Roeslan loemantar wakil Djerman. Serat pèpèngget wae asoeraos: 1. Tiongkok tansah netepi anggènipoen toemoet nanda tangani anti-bedamèn anti-oorlog. Mila ingkang kaimpi-impi sageda roekoen kalijan nagari ing poendi-poendi. Samanten oegi inggih nedyang roekoen kalijan Roeslan. Prakawis poenika tètela anggènipoen ngadjag ngrembag djedjering pasoe-lajan kaseboet wonten seratipoen Tiongkok ddo 17 lan 19 Djoeli, poenapadéné 27 Agoestoës. Lan inggih tètela malih margi, sanadayan Roeslan medot pamitranipoen kalijan Tiongkok, nanging paréntah nagari Tiongkok wonten ing wates boten nindakaken poenapa - poenapa ingkang ateges ngadjak sasatron. Sanadyan bangsa Tjina wonten Roeslan dipoensija-sija, barang darbèkipoen kaepèk paréntah Sovjet, éwadéné tangkepipoen paréntah Tiongkok datang bangsa Roes ingkang mang-gèn wonten nagari Tjina lestantoen sae. (- Kedjawi ta manawi pantjèn nradjang anggering nagari! -)

2e. Paréntah Sovjet angintoenaken wadyabala mepak sapirantosing perang datang wates Tjina - Roeslan.

Wadyabala wae kerep nglodjok malebet ing djadjahan Tiongkok an-gobrak-abrik barisan, ngririsak, damel kapitoenèn lan pepedjah pinten-pinten. Sanadyan Sovjet sampoem doemoegi samanten, nanging Tiongkok sadjangkah kémawon dèrèng naté djoemangkah nglodjok malebet datang laladan Roes.

3. Tiongkok goemoen sanget déné Sovjet angekahi pamanggihipoen bilih wadya Tiongkok kerep mlebet wonten koekoeban tanah Roeslan nempoeh barisan Sovjet. 4e. Roeslan tansah andakwa Tiongkok ingkang miwiti ngoengelaken sendjata wonten ing wates. Margi makaten wae, lss. Tiongkok ngadjak soepados ngawontenaken kommissie kapoerih njatikè-aken dedreging paprangan ing tapel wates poenika, sinten ingkang lepat. 5e. Nglegani panedanipoen Sovjet kaseboet ing seratipoen tanggal 25 September, i. p. ngangkah tentrem-ing wates, Tiongkok ngoesoelaken soepados wadyabala Roeslan toewin Tiongkok moendoer saking kiksing nagari ngantos doemoegi 30 mil Inggris. 6e. Pangangkahipoen Tiongkok ngoesoelaken prakawis kaseboet soepados ing tapelwates saged tentrem. Éwadéné Tiongkok inggih poeroen kaadjak ngwontenaken babadan nétral ingkang warganipoen kapilih déning nagari kalih, soepados niti-priksa sadaja prakawis ingkang gagajoean kalijan pasoe-lajan Tiongkok-Roeslan. lngkang makaten wae namoeng kanggé mratèlakaken bilih Tiongkok pantjèn nedyang sae.

Kados-poendi badé woesanipoen, mangga sami dipoentosi roemijin.

Ing ngriki preloe katjarijosaken, bilih manoet Aneta Radio oegi saking Nauen tanggal 26 Nov. Roeslan njantosakaken pamitranipoen kalijan Toerki.